**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ**

2023 - yil 18 - yanvar 24-13-0-Q/23 Qoraqalpogʻiston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Qaraqalpaqstan Respublikasında 2023-jılda mámleketlik kóshpes múlkinen paydalanıw ushın ijara tóleminiń eń kem stavkaların tastıyıqlaw haqqında

Ózbekstan Respublikasınıń «Ijara haqqında»ǵı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2009-jıl 8-apreldegi «Mámleket múlkin ijaraǵa beriw tártibin jedellestiriw is-ilajları haqqında»ǵı 102-sanlı qararı talapları tiykarında respublika aymaǵındaǵı bos turǵan imárat-qurılmalardan maqsetli paydalanıw, olarǵa bolǵan mútájdi tolıq támiyinlew hám de kútilip atırǵan qárejetler menen kárxana, mekeme hám shólkemlerdiń ijara tóleminen túsetuǵın paydalardı tártipke salıw maqsetinde, «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında»ǵı Nızamınıń 20-statyasına hám de Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi tárepinen usınıs etilgen hám de Ózbekstan Respublikası Finans ministrligi hám Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi menen kelisimlerine tiykarlanıp Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi **qarar etedi**:

1. Qaraqalpaqstan Respublikasında 2023-jılda mámleketlik kóshpes múlkinen paydalanǵanlıǵı ushın 1 kv.metr orınǵa ijara tóleminiń eń kem stavkaları **1-qosımsha**ǵa hám de eń kem stavkalarǵa qollanılatuǵın koefficientler **2-qosımsha**ǵa muwapıq tastıyıqlansın.

2. Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi janındaǵı Bos turǵan obyektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması **úsh kún múddette** nızamshılıqta belgilengen tiykarlarda hám tártipte respublikadaǵı mámleket qaramaǵında bolǵan kóshpes múlk obyektlerin ijaraǵa beriw ústinen aldınǵı dúzilgen ijara shártnamalarına usı qarar talaplarınan kelip shıǵıp, tiyisli ózgerisler kiritiw sharaların kórsin.

3. Nókis qalası hám rayonlar hákimliklerine aymaqlarda mámleketlik shólkemler hám máhálleler menen birgelikte balanslarında bolǵan, paydalanılmay bos turǵan

múlklerden nátiyjeli paydalanıw, olardı ijaraǵa beriw ústinen Bos turǵan obyektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına turaqlı usınıs hám maǵlıwmatlar kiritip barıw wazıypaları tapsırılsın.

4. Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi, sonday-aq, mámleket múlkiniń balansta saqlawshı barlıq ministrlikler, mákemeler hám shólkemleri basshılarına jıl shereginde keminde bir márte óziniń qaramaǵında bolǵan mámleket múlkin xatlawdan ótkiziw hám paydalanılmay atırǵan mámleket múlki anıqlanǵan jaǵdayda **10 kún múddet ishinde** Bos turǵan obyektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasına tiyisli maǵlıwmatlardı usınıp barsın.

5. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti hám Qaraqalpaqstan Respublikası Xabar hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası, «Erkin Qaraqalpaqstan» hám «Вести Каракалпакстана» gazetaları redakciyası menen birgelikte bos turǵan obyektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarmasınıń usınısları tiykarında respublikadaǵı bos turǵan, ijaraǵa beriletuǵın mámleket qaramaǵındaǵı obyektler dizimin ǵalaba xabar quralları arqalı biypul sáwlelendirip barıw sharaların kórsin.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı 45-13-0-Q/22-sanlı qararı óz kúshin joytqan dep esaplansın.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmetine nızamshılıqta belgilengen tártipte usı qarardı rásmiy dereklerde járiyalaw wazıypası tapsırilsin.

8. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge jeke juwapker etip Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi janındaǵı Bos turǵan obyektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması baslıǵı M.Radjapov belgilep qoyılsın.

Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń birinshi orınbasarı N.Erlepesovqa júklensin.

**Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi Raisini vaqtincha vazifasini bajaruvchi** **N. Erlepesov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 18 yanvardagi
24-13-0-Q/23-son qaroriga
1-ilova

## Qaraqalpaqstan Respublikasında kóshpes mámleketlik múlklerden paydalanǵanı ushın 2023-jılda 1 kv.metrge qollanılatuǵın ijara tólemleriniń eń kem stavkaları

| Q/s | Ijaraǵa alınǵan maydandı paydalanıw xızmet túri | 2023-jıl 1 kv m. ushın jıllıq eń kem ijara tólemi stavkaları (QQS menen birge) | |
|---|---|---|---|
| | | Nókis qalasında | rayonlarda |
| **Islep shıǵarıw** | | | |
| 1 | Janar may sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 2 | Ximiya sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 3 | Neft-ximiya sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 4 | Mashina qurılısı | 11 900 | 8 700 |
| 5 | Esaplaw texnikaların islep shıǵarıw sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 6 | Traktor hám awıl xojalıq mashinaları qurılısı | 9 700 | 7 200 |
| 7 | Jeńil, azıq-awqat hám turmıs priborları ushın mashina islep shıǵarıw | 11 900 | 7 200 |
| 8 | Sanitariya-texnikalıq hám gaz úskeneleri hám de buyımların islep shıǵarıw | 11 900 | 8 700 |
| 9 | Metallokonstrukciya hám buyımların islep shıǵarıw sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 10 | Mashina hám úskenelerdi ońlaw | 11 900 | 8 700 |
| 11 | Mashina qurılısınıń basqa tarawları | 11 900 | 8 700 |
| 12 | Ishimlikler islep shıǵarıw | 11 900 | 8 700 |
| 13 | Temeki ónimlerin islep shıǵarıw | 11 900 | 8 700 |
| 14 | Tiykarǵı farmacevtika ónimlerin hám preparatların islep shıǵarıw | 11 900 | 8 700 |
| 15 | Rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıw | 37 700 | 28 300 |
| **Qurılıs sanaatı** | | | |
| 16 | Qurılıs, jol hám kommunal injenerlik | 9 700 | 7 200 |
| 17 | Ayna, esikler hám mebel islep shıǵarıw sanaatı (aǵashtan) | 35 900 | 26 600 |
| 18 | Ayna, esikler hám mebel islep shıǵarıw (plastik, alyumin hám MDFtan) | 63 000 | 37 300 |
| 19 | Joybarlaw, joybarlaw-izertlew shólkemleri | 11 900 | 8 700 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 20 | Shlakablok islep shıǵarıw | 11 600 | 8700 |
| 21 | Polietilen ónimlerin islep shıǵarıw | 37 700 | 28 300 |
| 22 | Basqa qurılıs ónimlerin islep shıǵarıw | 26 700 | 20 050 |
| **Toǵay, aǵashtı qayta islep shıǵarıw hám cellyuloza-qaǵaz sanaatı** | | | |
| 23 | Aǵash ónimlerin tayarlaw sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 24 | Aǵashtı qayta islew sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 25 | Cellyuloza-qaǵaz sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| **Jeńil sanaat** | | | |
| 26 | Toqımashılıq sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 27 | Tigiwshilik sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 28 | Teri, jún hám ayaq kiyim sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 29 | Jeńil sanaattıń basqa túrleri | 11 900 | 8 700 |
| **Aziq-awqat sanaati** | | | |
| 30 | Azıq-awqat sanaatı (balıq, gósh, may-sır hám sút sanaatınan basqa) | 11 900 | 8 700 |
| 31 | Gósh hám sút sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 32 | Sút ónimleri sanaati | 23 300 | 17 400 |
| 33 | Balıq sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 34 | Un-jarma sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 35 | Kombikorm (aralas azıq) islep shıǵarıw sanaatı | 9 700 | 7 200 |
| 36 | Kanditer ónimlerin islep shıǵarıw | 11 900 | 8 700 |
| 37 | Azıq-awqat sanaattıń basqa túrleri | 11 900 | 8 700 |
| **Sanaattiń basqa túrleri** | | | |
| 38 | Medicina sanaatı | 11 900 | 8 700 |
| 39 | Baspa sanaatı | 29 200 | 25 000 |
| 40 | Kiyim-kenshek hám gezlemeden tayarlanǵan buyımlardı ximiyalıq tazalaw, boyaw, juwıw hám olarǵa islew beriw | 14 600 | 10 600 |
| **Awıl xojalıǵı** | | | |
| 41 | Ósimlikler ósiriw 1 gektar jer maydanı ushın | 4 798 000 | 3 559 100 |
| 42 | Teplica xojalıǵı | 9 000 | 8 000 |
| 43 | Sharwashılıq hám qus ósiriw | 5 700 | 4 300 |
| 44 | Balıqshılıq (sonıń ishinde jasama maydan) 1 gektar ushın | 4 798 000 | 3 559 100 |
| 45 | Pal hárreshilik 1 gektar jer maydan ushın | 3 119 000 | 2 313 600 |
| 46 | Veterinariya xızmetleri | 11 900 | 8 700 |
| 47 | Awıl xojalıǵına xızmet kórsetiwshi basqa kárxanalar | 11 900 | 8 700 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 48 | Toǵay xojalıǵı (sonıń ishinde baǵ) 1 gektar jer maydan ushın | 4 798 000 | 3 559 100 |
| **Transport hám baylanıs** | | | |
| 49 | Transport infradúzilmeleri (avtobus parki, taksi parki, avtomobil toqtaw ornı, garajlar hám avtomobil juwıw orınları) | 11 900 | 8 700 |
| 50 | Transport infradúzilmesi (járiyma maydanshaları) | 3 000 | 2 400 |
| 51 | Avtomobil juwıw orınları | 38 500 | 25 100 |
| 52 | Avtomobillerge janar may quyıw shaxabshası (benzin, dizel) | 38 500 | 32 400 |
| 53 | Avtomobillerge janar may quyıw shaxabshası (gaz quyiw shaxabshaları) | 46 800 | 35 100 |
| 54 | Elektromobillerdi quwatlaw shaxabshaları | 20 400 | 15 300 |
| 55 | Xalıqtıń talabı boyınsha júklerdi tasıw hám basqa transport xızmetin kórsetiw | 21 620 | 16 200 |
| 56 | Pochta baylanısı | 11 900 | 8 700 |
| 57 | Kurer xızmeti | 24 000 | 17 700 |
| 58 | Elektro-ótkiziwshi baylanıs | 24 000 | 17 700 |
| 59 | Radio, uyalı baylanıs hám peydjer baylanısları (imaratlardı esapqa alǵan halda aymaq átirapında) | 100 800 | 74 800 |
| **Sawda hám ulıwma awqatlanıw** | | | |
| 60 | Kótere sawda | 33 600 | 25 000 |
| 61 | Ónimlerdi (xızmetlerdi) bóleklep sawda jumısların ámelge asırıw kótere sawda bazarlardaǵı sawda dúkanları | 86 300 | 63 900 |
| 62 | Usaqlap satıw | 33 600 | 25 000 |
| 63 | Ulıwma awqatlanıw | 33 600 | 25 000 |
| 64 | Yarım tayar ónimlerin tayarlaw hám satıw (fast food) | 52 600 | 36 100 |
| 65 | Kitap dúkanları | 4 700 | 3 600 |
| 66 | Lombardlar | 43 400 | 32 200 |
| **Xizmet kórsetiw** | | | |
| 67 | Materiallıq xojalıq maqsetlerdegi hámde xojalıq buyımların ijaraǵa beriw orınları | 33 600 | 25 000 |
| 68 | Internet hám kompyuter tarmaqları arqalı xızmet kórsetiw (nusqa kóshiriw xizmeti) | 33 600 | 25 000 |
| 69 | Kompyuter oyınların shólkemlestiriw | 50 400 | 37 500 |
| 70 | Kóshpes múlkler boyınsha operaciyalar | 33 600 | 25 000 |
| 71 | Reklama, kórgizbeler xizmetleri | 33 600 | 25 000 |
| 72 | Geologiyalıq hám jer astı baylıqların izlew, geodeziyalıq hám gidrometeorologiyalıq xızmet | 60 000 | 44 300 |
| 73 | Miymanxana | 38 400 | 28 400 |
| 74 | Ulıwma jasaw orınları | 29 900 | 21 700 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 75 | Xalıqqa islep shıǵarıwǵa tiyisli emes bolǵan turmıs xızmetin k órsetiw | 19 320 | 14 260 |
| 76 | Shashtárezxana, fotosalon, modalar atelesi, ayaq kiyim ustaxanası | 28 900 | 21 700 |
| 77 | Monsha | 57 800 | 42 800 |
| 78 | Sawna hám basseynler | 115 200 | 85 500 |
| 79 | Paxta (aldın paydalanıwda bolǵan) hám jún tazalaw hámde titiw xizmetleri | 19 300 | 14 200 |
| **Densawlıqtı saqlaw, dene tárbiya hám sociallıq támiyinat** | | | |
| 80 | Densawlıqtı saqlaw | 24 000 | 17 700 |
| 81 | Medicinaliq diagnostika xizmeti (sonıń ishinde laboratoriyalar) | 44 200 | 33 200 |
| 82 | Turizm hám dem alıw | 24 000 | 17 700 |
| 83 | Fitobar | 16 600 | 12 300 |
| 84 | Mádeniy dem aliw orayları (bilyard, oyın avtomatları, diskotekalar hám basqalar) | 38 400 | 28 400 |
| 85 | Dene tárbiya hám sport | 11 900 | 8 700 |
| 86 | Dárixanalar | 19 300 | 14 200 |
| 87 | Optika hám medicina úskenelerin satıw dúkanları | 40 400 | 22 500 |
| 88 | Social-dárixanalıq shólkemler | 17 100 | 11 500 |
| **Bilimlendiriw** | | | |
| 89 | Joqarı hám orta arnawlı bilimge iye kadrlardı tayarlaw (sonıń ishinde oqıw kursları) | 19 320 | 14 200 |
| 90 | Oqıw kursların shólkemlestiriw | 39 600 | 29 700 |
| 91 | Jumısshilardıń hám basqa qánigelerdiń tájriybesin asırıw | 15 065 | 11 615 |
| 92 | Ulıwma bilim beriwshi balalar mektepleri (mámleketlik emes shólkemler ushın) | 9 700 | 7 245 |
| 93 | Joqarı hám orta arnawlı bilim beriw orınlarda ulıwma awqatlanı w | 23 400 | 17 500 |
| 94 | Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde ulıwma awqatlanıw | 11 900 | 8 700 |
| 95 | Oqıwǵa shekemgi tárbiya shólkemleri (mámleketlik emes shólkemler ushın) | 8 500 | 6 600 |
| 96 | Mádeniyat hám kórkem óner | 33 600 | 25 000 |
| 97 | Kórgizbeler | 25 900 | 20 100 |
| 98 | Mádeniy park hám dem alıw baǵları | 24 000 | 17 700 |
| 99 | Botanika baǵları hám Zoopark | 24 000 | 17 700 |
| 100 | Televidenieler hám Radio esittiriw redakciyaları | 24 000 | 17 700 |
| 101 | Kinostudiyalar, ses jazıw studiyaları | 38 400 | 28 405 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 102 | Ilim hám ilimiy xızmet kórsetiw | 14 600 | 10 600 |
| 103 | Avtomektepler | 21 300 | 12 600 |
| **Finans-kredit xızmeti** | | | |
| 104 | Finans, kredit, pensiya támiyinatı (qamsızlandırıw hám auditor xızmetinen tısqarı) | 33 600 | 25 000 |
| 105 | Auditorlıq xızmeti | 33 600 | 23 400 |
| 106 | Marketing tájiriybeleri, biznes, finans hám basqariw isleri boyınsha másláhátxanalar | 33 600 | 25 000 |
| 107 | Bank xizmeti | 33 600 | 25 000 |
| **Basqa xizmet túrleri** | | | |
| 108 | Qamsızlandırıw hám notarial xizmetler | 33 600 | 25 000 |
| 109 | Sud hám yuridikalıq xızmetler | 28 900 | 21 700 |
| 110 | Advokatlar kollegiyaları hám yuridikalıq másláhátler | 28 900 | 21 700 |
| 111 | Jámiyetlik shólkemler | 9 700 | 7 000 |
| 112 | Qoymaxanalar (sklad) | 33 600 | 25 000 |
| 113 | Mámleketlik shólkemler ushın ofisler | 14 600 | 10 600 |
| 114 | Jeke menshik shólkemler ushın ofis | 52 600 | 39 100 |
| 115 | Arxiv xızmetleri | 14 600 | 8 900 |
| 116 | Baspaxana hám redakciya jumısları | 19 300 | 14 200 |
| 117 | Metallom hám ekilemshi qaǵaz ónimlerin jıynaw orınları | 19 300 | 14 200 |
| 118 | Turaq jay kommunal xojalıǵı | 19 300 | 14 200 |
| 119 | Jeńil avtomobil hám basqa transport qurallarına texnikalıq xızmet kórsetiw hám ońlaw | 38 400 | 28 400 |
| 120 | Vulkanizaciya, svarkalaw, temirshi ustalıq jumıslarınıń barlıq túrleri | 29 200 | 21 900 |
| 121 | Laborotoriyalar | 24 000 | 17 700 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 122 | Hár túrli xızmetlerge tólemler (paynet) | 96 400 | 71 400 |
| 123 | Mádeniy miyras imáratları hám qurılmalarındaǵı obyektlerindegi sawda xızmeti | 52 600 | 39 100 |
| 124 | Mádeniy miyras imáratları hám qurılmalarındaǵı obyektlerindegi ulıwma awqatlanıw | 46 100 | 34 200 |
| 125 | Ónermentshilik túrleri boyınsha (estelik komplekslerin soǵıw, mıskerlik, naǵıs oyıwshılıq, súwretshishilik, taqıyasazlıq, malaqay, shógirme, shapan hám t.b) | 28 400 | 21 300 |
| 126 | Avia kassa (sonıń ishinde temirjol, avtotransport hám t.b.) | 52 600 | 39 100 |
| 127 | Bankomat | 480 800 | 356 600 |
| 128 | Nan hám nan ónimlerin islep shıǵarıw | 33 600 | 21 700 |

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2009-jıl 30-iyundaǵı 07/10-41-sanlı májlis bayanınıń 11-bántine muwapıq, barlıq túrdegi menshik dárixana kárxanalarınıń awıllıq shıpakerlik punktlerinde (AShP) háreket etip turǵan filiallarına ijara tóleminiń «nol» bahası qollanıladı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2012-jıl 22-noyabrdegi 02/1-74-sanlı tapsırmasına muwapıq, jabıq áskeriy qalashalar hám alıs jerde jaylasqan gornizonlardaǵı xızmet etiwshi Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrligine qaraslı sawda shaqapshaları ushın mámleketlik múlklerdi ijaraǵa alıwda ijara tóleminiń «nol» bahası qollanıladı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2014-jıl 24-iyuldaǵı 02/107-2670-sanlı tapsırmasına muwapıq, partiyanıń balans esabında bolǵan mámleketlik kóshpes múlklerden paydalanǵanlıǵı ushın Ózbekstan Liberal-demokratiyalıq partiyası Qaraqalpaqstan Respublikası, Qashqadarya, Nauayı, Fergana, Tashkent wálayatı hám Tashkent qalası (sonıń ishinde Mirabad rayonı) Keńeslerine hámde «XXI asr» social-siyasıy gazetası redakciyasına ijara tólemleri 2014-jıldıń 1-avgustinen baslap «nol» stavkada belgilenedi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 16-oktyabrdegi «Jaslar isbilermenlik klasterlerin shólkemlestiriwge baylanıslı shólkemlestiriw is-ilajları haqqında»ǵı 834-sanlı qararına tiykar, erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonaları aymaǵında jaylasqan mámleketlik múlkler Ózbekstan jaslar awqamı aǵzası bolǵan jas isbilermenlerge Ózbekstan jaslar awqamınıń qala hám rayonlıq keńesleriniń ótinishine muwapıq 5 jıldan kóp bolmaǵan múddetke ijara haqınıń «nol» stavkası boyınsha beriledi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabińetiniń 2017-jıl 16-avgusttaǵı 14/1-1959-sanlı tapsırmasına tiykarlanıp, 2018-jıldan baslap Olimpiya oyınları jeńimpazları hám sıylı orın iyelerine Ózbekstan Respublikası Dene tárbiya hám sport boyınsha mámleketlik komitetiniń usınısı tiykarında jeke menshik sport jámiyetlerin shólkemlestiriw ushın mámleketlik múlkler, sonday-aq, xalıqtıń tıǵız jaylasqan aymaqlarınan jer uchastkaları ijara haqınıń «nol» bahasında, sport háreketin saqlaw shárti menen beriledi.

Ózbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetiniń 2018-jıl 1-avgusttaǵı 609-20-sanlı qararına muwapıq, Ózbekstan Respublikası Qorǵanıw ministrligi qaramaǵındaǵı imárat-qurılmalar, tiykarǵı qurallar hám basqa mal-múlklerdi ministrliktiń qaramaǵındaǵı shólkemlerge ijara shártnaması tiykarında beriliwinde ijara tóleminiń «nol» stavkası belgilensin.

Joqarı hám orta arnawlı bilim beriw orınları hám ulıwma orta bilim beriw mektepleri aymaǵında (ishinde) jaylasqan obyektlerdi (balansında saqlawshı hám ijaraǵa alıwshılardıń xızmetshileri hám bilim alıwshılar ushın xızmet kórsetetuǵın asxana, sawda, xojalıq xizmet kórsetiw hám basqa xızmetler boyınsha) ijara tólemi esaplawda jazǵı demalıs dáwiri ushın joqarı hám orta arnawlı bilim beriw orınlarında 2 (eki) ay hám ulıwma orta bilim beriw mektepleri 3 (úsh) ay múddetke ijara tólemleri shegirib beriledi. Ijaraǵa alıwshı qálewi menen ijara tólemi esaplanıwı múmkin.

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 18 yanvardagi
24-13-0-Q/23-son qaroriga
2-ilova

**Mámleketlik kóshpes múlkinen paydalanǵanlıq ushın ijara tóleminiń eń kem stavkalarına qollanılatuǵın**

**KOEFFICIENTLER**

Ijara tólemlerin esaplaw hám ósiwshi koefficientler tómendegi formulaǵa muwapıq esaplanadı:

Qs = Ms x Kz x (Ks + Kt +Ku)

Qs – ijara tóleminiń 1 jılǵa 1 m.kv. ushın tayanısh stavkası

Ms – ijara tóleminiń 1 jılǵa 1 m.kv. ushın eń kem stavkası

Kz – aymaqlıq zonaların esapqa alıw koefficienti

Ks – qurılıs túrine qarap koefficient (bólek jaylasqan imárat, imáratqa qosıp qurılǵan, imárattiń tóbesi, cherdak, yarım jer tóle, jer tóle)

Kt – qońsılas aymaqtan paydalanıw koefficienti

Ku – kommerciyalıq maqsetlerde paydalanıw qolaylıqları (bas avtotransport jolınıń boyında jaylasqan, ekinshi dárejeli jol boyında jaylasqan hám t.b.) koefficienti.

Stavka Ms 2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikası Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi 2022-jıl 30-dekabrdegi 01/26-19/1122-sanlı usınısı, Ózbekstan Respublikası Finans ministrliginiń 2022-jıl 30-dekabrdegi 02/04-32/15-sanlı hám Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq kambaǵallıqtı qısqarttırıw ministrliginiń 2022-jıl 30-dekabrdegi 02-24/10-5709-sanlı «Mámleketlik kóshpes múlklerden paydalanıwda ijara tólemlerdiń eń kem stavkası bazasınan alındı.

**1. Aymaqlıq zonalardı esapqa alıw koefficienti:**

| **Q/s** | **Aymaqlıq zonalar** | **Ósiwshi Koefficient** |
|---|---|---|
| 1 | **2-taypa** | |
| 1.1 | Nókis qalası<br>Qońırat rayonı | 2,5 |
| 2. | **3-taypa** | |

| | | |
|---|---|---|
| 2.1 | Beruniy rayonı<br>Qaraózek rayonı<br>Taqıyatas rayonı<br>Tórtkúl rayonı<br>Xojeli rayonı<br>Shımbay rayonı<br>Ellikqala rayonı | 2,0 |
| 3. | **4-taypa** | |
| 3.1 | Ámiwdárya rayonı<br>Nókis rayonı | 1,8 |
| 4 | **5-taypa** | |
| 4.1 | Bozataw rayonı<br>Kegeyli rayonı<br>Qanlıkól rayonı<br>Taxtakópir rayonı<br>Moynaq rayonı<br>Shomanay rayonı | 1,5 |

| **Obyekttiń jaylasqan ornı hám túrleri boyınsha** | **Qollanılatuǵın koefficientler** | | |
|---|---|---|---|
| | **Nókis qalası** | **Rayon orayları** | **Rayon oraylarınan basqa aymaqlar (awıl)** |
| **2.Uyalı baylanıs qurılmaları ushın (Kz)** | 2,0 | 2,0 | 2,0 |

## 3. Obyekttiń qurılıs túri boyınsha koefficient – (Ks)

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Bólek jaylasqan imaratlar boyınsha | 2,0 | 2,0 | 1,5 |
| - imarat ishinde yamasa qosıp qurılǵan imarat boyınsha | 1,5 | 1,5 | 1,5 |
| - yarım tóle hám jer tóle xanaları, cherdak, podval xanaları boyınsha | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| - imarattıń joqarǵı tárepindegi qurılmalar boyınsha | 1,2 | 1,2 | 1,2 |
| **4. Qońsılas aymaqtaǵı jer maydanınan (texnik maydan, diyqanshılıq maqsetinde paydalanatuǵın - koefficient Kt** | 2,0 | | |
| Aywan (коридор) | 0,3 | 0,2 | |
| **5.Uyalı baylanıs antennaları iyelgen texnik maydanshalar ushın** | 2,0 | | |

## 6. Kommerciyalıq maqsetlerde paydalanıwda qolaylıq - koefficient Ku.

| | | | |
|---|---|---|---|
| - avtotransport jolları, oraylıq kósheler boylap (xalıqtıń kóp júretuǵın aymaqlar) | 1,2 | 1,1 | 1,0 |
| - ekinshi dárejeli avtotransport jolları (máhálleler hám ishki kósheler, xalıq punktleriniń shetki aymaqları hám kósheler boylap) | 1,0 | 0,9 | 0,8 |
| - imaratlardıń joqarǵı bólimindegi uyalı baylanıs antennaları ornatılǵan qurılmalar ushın | 1,2 | 1,2 | 1,2 |